

Gadri ki apropiye a devlopman mantal:

Kesyon pou paran timoun ki gen laj pou lekòl

Lis verifikasyon sa a pa fèt pou ranplase men pou konplimante lis ke ou te resevwa nan gid ki montre kijan pou seleksyone gadri. Lis sa a ap ede'w verifye program gadri ki gen abilite pou ba ou yon environman kote pitit ou ka pi alèz. Ba lòt paran ki te mete timoun nan laj pitit nan yon lòt program referans ke ou genyen pou si ou ta gen yon pwèn de vi sou on lòt program ke'w te pran an konsiderasyon.

Twa pi gwo tandans devlopman mantal ki gen nan timoun ki gen laj pou lekòl:

Pi fasilman, timoun sa yo antann yo pi byen ak lòt timoun menm laj ak menm sex ak yo.

Yo gen yon sansibilite pou libète yo - yo gen yon gran bezwen pou kite yo lib, kite yo fè pwòp desizyon yo, avèk on bezwen pou vi prive yo.

Timoun sa yo pi pito bezwen indistriyèl e pwodui yon kreyasyon ke yo fokus sou yon pwosè jan yon te konn fè nan anfantin.

Kesyon pou nenpòt moun oubyen pwogram ki ede aprè lekòl:

1. sipoze ke pitit ou nan lekòl ak estrikti akademik nan lajounen. Depandan de bezwen ke pitit ou genyen, eske pwogram sa ap bay pitit ou opòtinite pou repoze? Eske pwogram sa a bay pitit ou lòt ti aktivite enteresan pou li fè olye ke li kite pitit ou ap jwe? Eske anviwonman gen ti materyèl ki enteresan, ti jwèt kap ede pitit ou kreye de bagay atistik oubyen eske jwèt sa yo se chita yo met pitit ou chita sèlman?
2. ki laj ak ki sex lòt timoun ki avèk pitit ou a ye/eske yo gen laj pou lekòl kote yo ye a? eske pitit ou ka gen yon relasyon konfòtab ak lòt timoun sa yo? Eske pitit ou a ap gen onkenn kamarad nan kay/pwogram kote ke li ye a? kòman ke pitit ou a wè pwogram nan (eske li di ke pwogram nan se pou ti bebe pa pou li menm)? Si pa genyen onkenn lòt timoun ki nan laj pitit ou, ki sa ki fèt pou pitit ou a pa santi ke pèsan pa okipe'l?
3. kòman pitit ou ap fè al nan kay/pwogram nan? Eske yo ba ou transpòtasyon? eske timoun nan gen ase tan pou li prepare ant lè ke ou depoze'l la ak lè ke ou al prann nan?
4. eske gen kont opòtinite pou jwèt fizikal ke timoun nan fè deyò? Eske gen kont espas pou timoun nan jwe pou kont li oubyen an gwoup? Eske gen yon pak oubyen on kote deyò ke timoun nan ka al jwe ladan?

5. eske yo bay timoun nan ase libète ak fleksibilite nan tan li ak aktivite li?ki jan ke on timoun nan laj pitit ou pase jounen'l avèk moun sa a ki an chaj la oubyen pwofesè sa a?
6. eske pwofesè ya pale ak timoun nan oubyen jwe avèk li oubyen eske li jis voye je sou yo? Eske moun sa a tande timoun nan lè lap di li yon pawòl?
7. ki disiplin ak filozofi ke moun sa a mete nan pwogram li ya? Eske li byen eksplike lwa ak limit ke li bay?
8. eske gen opòtinite ak espas pou on ti tan de silans? Pou fè devwa?
9. Eske moun sa a ap gen day care nèt ale, eske lap ouvè nan jou ke lekòl femen yo ak jou ferye yo? Eske li ouvè pandan ete? Eske pri ya monte pande jou ete yo?

Espesyalman pou pwogram gadri famiyal yo...

1. eske jan manyè parantaj moun nan avèk limit ke li bay menm jan aj pa ou? Eske ou santi ou konfòtab ak metòd li yo?
2. ki eksperyans ke moun nan genyen ak timoun ki nan laj pou al lekòl? Eske li genyen yon kalifikasyon espesyal oswa eksperyans edikasyonèl?
3. eske gen televizyon nan pwogram sa a? konbyen, ki lè, e ki pwogram ke yo gade?
4. fòk ou on ti jan sansib sou laj lòt timon yo ki nan pwogram nan. Eske se sèl pitit ou a ki gen laj timoun lekòl nan pwogram nan? Eske timoun nan ap gen kè kontan nan pwogram nan? Ki jan pitit ou a tap santi'l si ta gen yon timoun pi piti laj nan pwogram?
5. eske ap gen onkenn lòt granmoun nan kay la lè timoun yo la? Yon asistan? Yon mari ou madanm? Oubyen yon pi gran timoun?

Espesyalman pou pwogram Sant Gadri yo...

- 1. ki kalifikasyon ak eksperyans moun nan ki nan pwogram sa a? li gen yon antrenman spesyal? Eske se pwofesè ke yo ye? Eske yo nan kolèj oubyen nan lekòl segondè?**
- 2. eske gen onkenn aktivite espesyal ki ofri pou devlope enterè espesyal timoun nan? Danse, mizik, teat, spò, art? Eske gen yon pri espesyal pou pwogram sa yo?**
- 3. ki grandè gwoup yo? Eske yo separe pa laj oubyen yo melanje? Eske ou konfòtab avèk aranjman sa yo?**
- 4. eske timoun yo ale ti kote ki enteresan? Ki yès e ki jan de transpòtasyon timoun yo genyen pou mennen yo? Eske gen yon pri espesyal pou aktivite sa yo?**

**Child care resource center inc. 130 Bishop Allen Drive, Cambridge, MA 02139
Parant infoLine 617-5471063 ext72
E-mail:parantinfo@ccrcinc.org**

<http://www.crcinc.org>